Маршо Радио

View the original article

КЕРЛАНАШ

ММА-н нохчийн латархочо Алиев Іамира дІахьедина хьалхо Парижехь лаьцна хилла ша дІахецна аьлла

Лахьан-бутт 23, 2026



Гайтаман сурт

Парижехь лаьцнера ийначу кепехь долчу латарийн спортхо, Нохчийчуьра Алиев Іамир. Le Parisien газето бинчу хаамца, цунах шеконаш йара, цо зуда хьийзийна аьлла. Спортхочо бехк тІе ца лаьцна, ша хІинцале а дІахецна, гІуллакх дІакъевлина аьлла цо.

Лахьан-беттан 22-чохь лаьцнера Алиев, францхойн ийначу кеперчу латарийн Ares къовсадаларшкахь толам баьккхинчул тІаьхьа. 2026-чу шарахь дуьйна ву иза церан Іуналлица летаршкахь дакъалоцуш. Газето йаздарехь, ша лоцучу заманчохь полицина дуьхьало йина а ца хиллера цо.

Іуьйранна "ЧП Грозный" гІирсо зорбане даьккхира Алиевн дІахьедар. Цо бохура, "цхьана сийдоцчу нохчийн йоІа" цІе кхоьллинера шена, "кІорггера талламаш бира", цул тІаьхьа бехкаш ца дохкуш, дІахийцира ша аьлла.

"Аьшпаш бу уьш, соьгара и тайпа хІума цкъа а дер дацара. Со хІинца маьрша ву. Францхойн полицино даредина, шаьш гІалат хиларна а, со бехкехиларх бух цахиларна а", - дІахьедина Алиевс пачхьалкхан ТАСС агенталлина йеллачу комментарехь.

27 шо ду Алиевн, иза вина Соьлжа-ГІалахь. Ша карьера йечу заманчохь йоккхаха йолу хан Оьрсийчохь йаьккхина цо, кху шарера схьа дуьйна Ares-н промоушено Іуналла а деш, дакъалоцу цо летаршкахь.

- Дахначу кІиранах Абу-Даберчу кхело хийцира, лахьан-беттан 11-чу дийнахь хьешан цІийнехь гуьржийн латархочуьнца Двалишвили Мерабца леттачу Дагестанера латархочун Нурмагомедов Іусманан а, цуьнан тобанан декъашхойн а хьокъехь бина хилла сацам. Йуьхьанца дов айдинчарна гІуданаш а, йалх-йалх бутт хенаш а тоьхнера, цул тІаьхьа махках а бохуш. Амма тІаьхьо гІуданаш тІе а эгийна, битира уьш. Кхо миллион ахмиллион сом гергга гІуда охьадилла деза церан. Оцу йукъанна, йуьхьанца кхайкхийна хилла гІуда кхин а шозза алсам дара.
- Американ Цхьанатоьхначу Штатийн санкцешна бухахь йолу "Абсолютан Чемпионат Ахмат" (Absolute Championship Akhmat – ACA) лерина йу Гергарчу Малхбалехь а, Японихь а бизнес шорйан. Кавказ.Реалии сайто къастийра Американо тоьхна дозанаш бахьана долуш, оцу хьелашкахь бизнес лелайойла дуй а, Соьлжа-ГІалина и лига стенна оьшу а.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю